Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 5 (6524) 23 январь 2017 с. Итни РабигІул ахир 1438 с. Багьа 5 гъур.




БАРКИ

## Дагъистаналъул автономиялъ – 96 сон

**ГІемер гІасрабазул тарихалда тІоцебе цолъана Дагъистаналъул халкъал республикаялда. Дагъистаналъул автономиялъ щула гьабуна Дагъистаналъулги Россиялъулги цолъи, церетІезе байбихьана политикиял, экономикиял, културиял гьоркьорлъаби. Жакъаги гьеб цебетІей тІадегІанаб даражаялда буго. Россиялъ цолъизарурал нилъер халкъазда гьоркьоб тІегьалеб буго гьудуллъи, щулалъулел руго магІишатиял бухьенал.**

Гьелгощинал соназ дагъистаниязда цадахъ республикаялда социалиябгун экономикияб рахъалъ бергьенлъаби щвеялъе, лъайкьей, сахлъи цІуни, культура церетІеялъе гІоло свак лъачІого хІалтІана нилъер районалъул гІадамалги. РакІчІола бакълъулаз хадубккунги лъикІаб букІинеселъе гІоло жигараб кьеркьей гьабизе букІиналда. Хьул буго нилъер щивасул жигарчилъиялдалъун гІагараб район дагьабги цебетІелин. Гьелъие кумек гьабизе буго нилъер умумузул кьохІехьеялъги, бахІарчилъиялъги, гІа-къиллъиялъги. Гьеб кинабго нилъеца гьанжесеб ва бачІунеб гІелазе цІунизе ккола.

Киналго районцоязе гьарула сахлъи, рекъел, икъбал, гІагараб район ва Дагъистан тІегьаялъе гІоло росулел чІахІиял бергьенлъаби

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул ишал тІуралев ГІабдулахІажи ГІабдулкъадиров**

РАЦІЦІАЛЪИ – ДИНАЛЪУЛ БАЩАЛЪИ

## Экологиялъул сон рагьана

### Гумбет районалъул бетІерас росабазул бегавулзабазулгун данделъи тІобитІана

**Гумбет районалъул администрациялъул данделъи тІобитІана 19 январалда. Гьенир гІахьаллъана районалъул администрациялъул бетІерасул заместителал ХІайбула ГІабдурахІманов, АхІмад Сулайманов, Малик Маликов, росабазул администрациязул бутІрул, гьезул заместителал, учреждениязул ва гІуцІабазул нухмалъулел.**



Данделъи рагьана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул ишал тІуразарулев **ГІабдулахІажи ГІабдулкъадировас.** Гьоркьоб лъун букІана исполнительнияб гІадлу цІуниялъул хІакъалъулъ суал. Жиндирго кІалъаялда ГІабдулкъадировас тІадчІей гьабуна росабазул поселениязул бутІрузул ва гьезул заместителазул хІаракатчилъиялда, захІматалъул гІадлу-низам цІуниялъул, бакІазда гІадамал разилъуледухъ хІалтІи гІуцІиялъул, налогал ракІариялъул, жидехъе рачІарал кагътазе гІужда жавабал кьеялъул ва гІемерал цогидалги суалазда.

Абуна районалъул бюджет 113,2, ракьалдаса налог бакІариялъул план 125,6 ва буголъиялдаса налог бакІариялъул план 116 проценталъ тІубанилан. Рехсана налогал ракІари лъикІ гІуцІичІел росабазул администрациял: буголъиялдаса налогалъе – Игьали, МелъелтІа, ЧІикь, ракьалдаса налогалъе - Игьали, Ингишо росабазул администрациял. Абуна цІияб соналда цІияб къуватгун, исполнительнияб гІадлу-низам цІунун, гьанжезаманалъул къагІидаялда хІалтІизе хІажат бугин, росабазул жамагІатазе 2016 соналъ гьабураб хІалтІул хІисаб кьезе ккелин бегавулзабаз.

Хадув кІалъазе вахъарав районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель ХІайбула ГІабдурахІмановас абуна Россиялъул Федерациялъул президент В. В. Путинил Указалдалъун 2017 сон экологиялъул сонлъун лъазабун бугилан. Бицана гьаб сон гІуцІа-къан нухда регІизелъун, районазда гьоркьосеб экологиялъул комитеталъ ва Гумбет районалъул администрациялъ хасаб план бахъун букІиналъул, санитарияб хІал лъикІлъизабиялда, тІабигІаталъул бечелъи цІуниялда хурхун гьаризе хІисабалде росарал хІалтІабазул. Мисалалъе, тІоритІизе руго школазда рагьарал дарсал, суратал рахъиялъул конкурсал, «Бищун бацІцІадаб росу» абураб конкурс. Росабазул нухмалъулезул масъала ккола экологиялъул лъагІелалъ гьабураб хІалтІи районалъул «Гумбет» газеталдасан, бакІалъулаб телевидениялдасан, сайтаздасан загьир гьабиялъулъ жигараб гІахьаллъи гьаби.

КІалъаялда ГІабдурахІмановас тІадчІей гьабуна ракьул участкабазул ихтияралъе хъвай-хъвагІай, бакІазда ругел лъел мухъазул, нухазул ва цогидалги бакІазул хъвай-хъвагІай гьабиялде, бухІараб токалъухъ жиндир заманалда гІарац кьеялъул ва цогидалги суалал гІумруялде рахъинариялда бан росабазул администрациязул бутІрузда церечІарал масъалабазда.

Райадминистрациялда цебе гІуцІараб санитариябгун рахунел унтабазда megдечІараб комиссиялъул нухмалъулев хІисабалда, ГІабдурахІмановас борхана бакІ-бакІалдаса захІматаб грипп унти тІибитІун букІиналъул, гьелдаса цІунизелъун цІодорлъи гьабизе ккеялъул суал.

Данделъиялда кІалъазе рахъана ва росабазул администрациязул нухмалъулезда церечІарал масъалабазул бицана районалъул администрациялъул бетІерасул заместителал АхІмад Сулаймановас, Малик Маликовас, районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магІишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулев **ХІусен Мутаевас,** районалъул администрациялъул ишазул управляющиясул заместитель **ГІабдурахІман Дайтмирзаевас,** районалъул архитектор **ХІажимурад АхІмаднабиевас,** Дагъистан статалъул кІиабилеб отделалъул МелъелтІа вугев бетІерав эксперт **МухІамад Лабазановас,** электросетазул инженер **Камал ГІалиевас,** культураялъул, физическияб культураялъул, гІолилазул ишазул, спорталъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель **НурмухІамад МухІамадовас.** Гьез рорхарал аслиял ва кІвар бугел суалаллъун рукІана маданиял, лъайкьеялъул учреждениязде, росабалъ терроризмалда, наркоманиялда дандечІарал банерал чІваялде, кибго хъвай-хъвагІай гьабичІого законалде данде кколареб хІалалъ хІалтІулел тІатинариялде, гьезулгун къотІаби хъваялде ва цогидалде бегавулзабаз кІвар буссинабизе ккеялъул хІакъалъулъ.

Ахиралда хІасилазулаб кІалъай гьабуна ГІабдулахІажи ГІабдулкъадировас.

**Къурмагъиз ХІадисова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Анкьазарго хъулухъ тІубазабуна**

-2 гьум.




**Щиб хъвалеб букІараб 1952 соналъ «Гумбеталъул колхозчи» газеталда**

-2 гьум.



**Баркула**

- 2 гьум.

**Бюджеты сельских поселений Гумбетовского района на 2017 г.**

-3-4 стр.

РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТАЛЪУЛ ТIОЦЕБЕСЕБ НОМЕР КЪВАТIИБЕ БИЧЧАРАЛДАСА - 65 СОН

# Щиб хъвалеб букIараб 1952 соналъ «Гумбеталъул колхозчи» газеталда

## ЦIияб пекарня

**ЗахIматчагIазул тIалаб тIубазаби мурадалда гьаб ахирияб заманалда Гумбет райпоялъ Гъоркь Инхо цIияб пекарня рагьун буго.**

Гьелъ хъулухъ гьабулеб буго гIицIго инхдерил гIадамазе гуребги, сверухъ ругел росабазеги.

КватIичIого гьениб столоваяги рагьизе буго.

**М. Сайгиднуров**

## Учительзабазе рукъзал

**Аргъвани росулъ учительзабазе цIиял рукъзал ран лъугIизаруна.**

Гьел рукъзал рохьун къачIан руго ва гьениб хъаркищи къабулеб буго. ЦIибараб анлъабго рукъ 1952-53 цIалул соналда пайда босизе къезе буго.

**М. Абакардибир**

## Пионеразул хIухьбахъиялъул лагерь

**ЛъугIана 1951-1952 цIалул сон. ХIухьбахъиялде ана нилъер районалъул школазул анцI-анцI цIалдохъаби.**

Школа къан хадуб лъималазул лъикIаб хIухьбахъи гIуцIи мурадалда 25 июналъ нилъер районалда рагьана пионеразул лагерь. Гьениве ана школазда лъикI цIаларав 30 пионер. Лагерь буго Гъадари росдада аскIоб бугеб гIурчинаб магIарда.

**М. Расулов**

## АнцIазарго кирпич къотIана

**ЛъаратIа Орджоникидзел цIаралда бугеб кIодо гьабураб росдал магIишаталъул артелалъул гъутаналда РурухIма ХIайбулаевас анцIазарго кирпич къотIана.**

Колхозалъ ХIайбулаевас къотIараб кирпичалдасан гIигел росабазеги. боцIуе хасалоялде хинал минаби раялъе пайда босулеб буго.

**Гъ. ХIарисов**

ХАЛКЪАЛЪУЛ УРГЪАЛИДА

# Анкьазарго хъулухъ тIубазабуна

### МФЦялъул Гумбеталда бугеб гIуцIиялъул бетIер ГIумар МухIамадовасулгун накъит

**2012 соналъул 29 сентябралда рагьана Гумбет районалда гIемерфункциялъулаб центр. Гьеб рагьаралдаса централъул Гумбет районалда бугеб филиалалъул нухмалъулевлъун хIалтIулев вуго ГIумар МухIамадов. «Гумбет басмаялъул хIалтIухъаналъул гьесулгун гьадинаб гара-чIвари ккана.**

**- ГIумар, араб соналъ нужеца кигIан къадар хъулухъазул тIубараб?**



- 2016 сонацда Гумбет районалда бугеб гIемерфункциялъулаб централъул филиалалъ районалъул гIадамазул тIубан буго 7 азарго ялдаса цIикIараб хъулухъ. Щибаб хIалтIул къоялъ «Дир документал» централъул специалистаз къабул гьавун вуго 30 ялдаса цIикIкIун чи.

Районалъул гIадамазул араб соналда тIурарал хъулухъал рехсани: комплексияб хъулухъ – 213, ракьалъул бетIергьанлъиялъул хъвай-хъвагIай гьабун буго – 279, цIияб паспорт босиялъул 207, паспорт хиси – 397, лъималазул батIи-батIиял пособиял чIезари – 443. БатIи-батIиял идарабазул справкабиги къун руго 1177, буголъиялъул хъвай-хъвагIай гьабун буго 741, ракьазул гIорхьаби чIезари (межевание) ва буголъиялъул техническиял планал гьарун руго 164. Гьединго хIукуматалъул кадастралъулаб учеталда лъун буго 768 объект.

«Дир документал» централда лъезе бегьула гIадамазда тIад ругел налогал, гIакIа, судебниял приставазул бугеб налъи, платежниял терминалалда гIарацги лъун. Араб соналда терминалалдасан къун буго 2 миллионгин 90 азарго гъурущ. Гьелдасан миллионалде гIагарун госпошлина лъун буго. Гьелъул республикалъулаб бюджеталде бачIун буго хайир 450 азарго гъурущ.

Электронияб къагIидаялда, интернет - бухьеналъул кумекалдалъун гIадамазул рес буго рокъор чIун къваригIел тIубазе. Электронияб къагIидаялъ къваригIел тIубазе гIарза къуни, гьеб хъулухъалъухъ кколеб госпошлинаялъул 70 процент гурони гIарац къезе кколаро. Электронияб порталалда МФЦялдасан хъвай-хъвагIай гьабун буго 1012 чияс.

ГIемерфункциялъулаб централдасан цо бутIа хъулухъалъул щвезе рес буго предпринимателазеги. Гьесие цIикIкIун буго хасаб программа «МФЦ бизнесалъе», жинда гъорлъги 100-ялдаса цIикIкIун хъулухъ бугеб. Гьелда гъорлъе ккола росдал магIишаталъул министерствоялдасан кьолеб субсидия, дотация, грантал кьей, бизнес – планал гьари ва гь. ц.

Гьединго гIадамазе бигьалъиялъе Аргъвани, ЧIиркъатIа, Игьали, Гъоркь Инхо, Килалъ, ТIад Инхо, Гьарадирихъ, ЦIилик росабалъ гIуцIун буго, нижер хIалтIухъанас, гIадамал къабул гьарулеб къагIида. Къабул гьарулеб заман лъазе бегьула росабазул администрациялдасан, яги кIалъазе бегьула гIемерфункциялъулаб централде цогояб телефон 89387778292.

**- Араб соналда гIадамазе бигьалъиялъе тIаде бачIараб батIияб хъулухъ бугищ?**

- Буго. Районалда субсидиялъул отдел къаялда бан, токалъухъ, газалъухъ, цIулахъ ва тIорччохъ харж гьабураб гIарцул бутIа нахъбуссинабиялъул хIалтIиги нижеда тIаде ккана. Араб соналда субсидия гьабизе нижехье вачIун вуго 41 чи. Гьезие рехун буго 50 азарго гъурущ.

**- Буголъиялъул хъвай-хъвагIай гьабиялъулъ батIияб хиса-баси бугищ?**

- 2017 соналъул тIоцебесеб январалдаса хIалтIизе байбихьана 2015 соналъул 13 июлалда бахъараб № 218 бугеб «О государственной регистрации недвижимости» Федералияб законалда рекъон. Гьеб законалда рекъон гIадамазе гIемерал бигьалъаби руго. Рес буго кадастровияб учеталда лъейги ва хъвай-хъвагIай гьабиги цадахъ гьабизе. Кадастровияб учеталда лъеялъе чIезабун буго 7 хIалтIул къо, буголъиялъул хъвай-хъвагIай гьабиялъе 9 къо. Цадахъ гьабулеб бугони 12 къо. Гьединго хъвай-хъвагIай гьабизе рес буго, буголъи киб бугониги, гIадамас гIумру тIамулеб бакIалда гIарзаги къун.

**- Бицунеб рагIана гIемерфункциялъулаб централда сбербанкалъул банкомат лъезе бугин. Гьеб битIараб бугиш?**

- Буго. Банкомат бачIун буго ва гьеб централда жаниб лъун рекъезабуна. Гьанже рачIине ккола, хасал программаби лъун, гьеб рекъезе гьабулел сбербанкалъул специалистал. Хадуб «Росинкос» учреждениялъ банкоматалда жаниб лъола гIарац ва хIалтIизе биччала. Божи буго кватIичIого гьеб хIалтIизе биччалин.

**- «Гумбет» газета гьоркьобккун щиб дуца абилеб районалъул гIадамазде?**

- Районалъул гIадамал! Нуж ахIулел руго гIемерфункциялъулаб централде нужер гIумруялъул, рукIа-рахьиналъул ва цогидаги суалал ва гIунгутIаби дандразе ва тIуразе. Нижер хIалтIухъаби хIадурал руго нужер гIарза бихьизабураб болжалалда тIубан нужее жаваб кьезе. РачIа нижехье.

**Гара-чIвари гьабуна**
**ГIайшат Исламбиевалъ**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ...

# Баркула

### Республикаялъулаб турниралда бергьарал

**Гумбет районалъул МелъелтIа лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул воспитанникал АхIмад Тимисултановас ва Набигула Астимировас эркенаб гугариялъул рахъалъ зоналиял ва республикаялъулал турниразда призалъулал бакIал кколел руго.**





Гьале рохалилаб хабар бачIана МахIачхъалаялда тIобитIараб, эркенаб гугариялъул рахъалъ дунялалъул щуцIолго чемпион **ГIали ГIалиев** ракIалдещвеялъул республикаялъулаб турниралда ДЮСШялъул гьел речIчIухъаби бергьанилан ва финалалде рорчIанилан. 42 килограммалде щвезегIан цIайиялда АхIмад Тимисултановас тIоцебесеб, Набигула Астимировас кIиабилеб бакI ккуна.

Баркула речIчIухъабазда бергьенлъи, хадуркунги бергьенлъаби нужее.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН...

# Дуца гьудуллъун ккве кверги ракIги гIатIидаб басма

### «Гумбет» газета – бакълъулазул тарих

**2017 соналъе районалъул «Гумбет» газета хъваялъе росабазул хIалтIухъабаз гIезегIанго хIалтIи гьабуна. Гьеб рахъалъ цебехъанлъи бихьизабуна 2016 соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалие гьабуралде дандеккун гьаб соналъ цIикIкIинабурал Гъоркь Инхо, Аргъвани почталъул отделениялъ. МелъелтIа почталъул отделениязда гьоркьоре унел ЦIилик, Данухъ, ЛъаратIа росабазул почтальоназги хIарақатаб хIалтIи гIуцIана «Гумбет» газеталъе подписка гьабиялъул рахъалъ.**

Почалдасан 50 газета Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул хIалтIухъабазе бачIунеб буго. «Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас 100 «Гумбет» газета хъвана росуцоязе.

Почалъул хIалтIухъабазухъан районцоязе щвезе буго 977 «Гумбет» газета, араб соналъул бащдаб лъагIелалда гьеб 1082 экземпляр букIана. Гьеб Гьарадирихъ почалъул отделениялда 29 ялъ, МелъелтIа почалъул отделениялда 87ялъ дагь хъван буго. МелъелтIа дагьлъиялъе гIилла буго, «Гумбет» газеталъул редакциялдасан учреждениялзда ва гIуцIабаз газетал цIикIкIун хъвай, Ингишо ва Щабдухъ росабазул гIадамаз араб соналдаса дагь хъван рукIин.

Редакциялдасан 360 гIанасеб газета буго тIубараб лъагIелалъего хъвараб. Араб соналде дандеккун райгазетал цIикIкIун хъван руго «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул, централизованнияб бухгалтериялъул, МелъелтIа гьоркьохьеб школалъул мугIалимаз. Щибалъ 20 «Гумбет газета щибаб соналъ хъвала ЦIилик гьоркьохьеб ва ЦIаналъ аслияб школазги редакциялдасан. Райгазета хъваялъулъ хIаракатчилъи бихьизабулеллъун ккола «Гумбетовское ДЭП № 10» нухазул гIуцIиялъул, районалъул финансовияб управлениялъул, «Бакъ» лъималазул ахалъул, районалъул лъайкьеялъул отделалъул, казначействоялъул, социалияб рахъалъ гIадамал хьезариялъул, ветеринарияб управлениялъул, социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул, судалъул, МФЦялъул, Россиялъул гIадатияб маданияталъул централъул, централияб библиотекаялъул, гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул централъул, цIа свинабулеб идаралъул, прокуратураялъул, ГАИялъул, ГНИялъул ва цогидалги идарабазул хIалтIухъаби.

ТIоцебесеб бащдаб лъагIалие райгазета бачIуна 1337 чиясе. кIиабилеб бащдаб лъагIалие газета хъваразул къадар росабалъ цIикIкIине букIинальде кIудияб хьулги буго редколлегиялъул.

Газета хъваялъул бицунаго, бокьун буго гьелъулгун бухьен ккезе хIажат букIиналдаги тIадчIей гьабизе. Сонал анагIан дагьлъулеб буго мухбирзабазул къадар. Учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулезцин нагагьги бачIунеб гьечIо газеталда рахъизе макъалаби.

(Ахир - 4 гьумералда)

ДОКУМЕНТЫ

# Бюджеты сельских поселений

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Верхнее Инхо»

### Решение № 06

**от 30 декабря 2016 г.** **с. Верхнее Инхо**

**Собрание депутатов постановляет:**

1. Утвердить бюджет сельского поселения «Село Верхнее Инхо» на 2017 год в размере **1882,0** тыс. рублей, и плановый период на 2018 год в размере **1651,0** тыс. рублей, на 2019 год в размере **1588,0** тыс. рублей.

**а) Доходы (тыс. руб.)**

| | 2017 г. | 2018г. | 2019г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 1759,0 | 1528,0 | 1465,0 |
| Субвенция | 61,0 | 61,0 | 61,0 |
| Собственные доходы | 62,0 | 62,0 | 62,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 16,0 | 16,0 | 16,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 34,0 | 34,0 | 34,0 |
| Имущественный | 12,0 | 12,0 | 12,0 |
| **ИТОГО:** | **1882,0** | **1651,0** | **1588,0** |

**б) Расходы (тыс. руб.)**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1292,0 | 1184,0 | 1171,0 |
| б) | МКУК | 263,0 | 184,0 | 154,0 |
| в) | ВУС | 57,0 | 57,0 | 57,0 |
| г) | ЗАГС | 4,0 | 4,0 | 4,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 16,0 | 15,0 | 15,0 |
| ж) | Молодежная политика | 8,0 | 7,0 | 7,0 |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | 242,0 | 200,0 | 180,0 |
| | **ИТОГО:** | **1882,0** | **1651,0** | **1588,0** |

**Председатель сельского Собрания Х. М. Магомедова**

## Собрание депутатов сельского поселения «сельсовет “Игалинский”»

### Решение № 04

**от 30 декабря 2016 г.** **с. Игали**

**Собрание депутатов постановляет:**

1. Утвердить бюджет сельского поселения «сельсовет “Игалинский”» на 2017 год в размере **5105,0** тыс. рублей, и плановый период на 2018 год размере **4493,0** тыс. рублей, на 2019 год в размере **4318,0** тыс. рублей.

**а) Доходы (тыс. руб.)**

| | 2017 г. | 2018 г. | 2018 г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 4473,0 | 3858,0 | 368,0 |
| Субвенция | 128,0 | 128,0 | 128,0 |
| В том числе: | | | |
| Собственные доходы | 504,0 | 507,0 | 510,0 |
| НДФЛ | 90,0 | 93,0 | 96,0 |
| Земельный налог | 265,0 | 265,0 | 265,0 |
| Имущественный | 149,0 | 149,0 | 149,0 |
| **ИТОГО:** | **5105,0** | **4493,0** | **4318,0** |

**б) Расходы (тыс. руб.)**

| | | 2017 г. | 2018 г. | 2019 г. |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Аппарат управления | 2165,0 | 1692,0 | 1605,0 |
| 2. | МКУК | 1232,0 | 1232,0 | 1232,0 |
| 3. | ЖКХ | 1232,0 | 1093,0 | 1005,0 |
| 4. | Ф\К и спорт | 70,0 | 70,0 | 70,0 |
| 5. | Молодежная политика | 50,0 | 50,0 | 50,0 |
| 6. | ВУС | 114,0 | 114,0 | 114,0 |
| 7. | ЗАГС | 14,0 | 14,0 | 14,0 |
| 8. | Доплата к пенсии | 148,0 | 148,0 | 148,0 |
| 9. | Резервный фонд | 80,0 | 80,0 | 80,0 |
| | **ИТОГО:** | **5105,0** | **4493,0** | **4318,0** |

**Председатель сельского Собрания Г. Н. Магомедов**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Гадари»

### Решение № 09

**от 31 декабря 2016 г.** **с. Гадари**

**Собрание депутатов постановляет:**

1. Утвердить бюджет сельского поселения «село Гадари» на 2017 год в размере **1011,0** тыс. рублей, и плановый период на 2018 год в размере **956,0** тыс. рублей, на 2019 год в размере **921,0** тыс. рублей,

**а) Доходы (тыс. руб.)**

**(Продолжение - на 4 стр.)**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Нижнее Инхо»

### Решение № 08

**от 30 декабря 2016 г.** **с. Нижнее Инхо**

**Собрание депутатов постановляет:**

1. Утвердить бюджет на 2017 год и на плановый период 2018, 2019 г.г.

**а) Доходы (тыс. руб.)**

| № | Вид доходов | 2017 | 2018 | 2019 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Дотация | 2084,о | 1799,0 | 1783,0 |
| 2 | Субвенция | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| 2.1 | ВУС | 57,0 | 57,0 | 57,0 |
| 2.2 | ЗАГС | 8,0 | 8,0 | 8,0 |
| 3 | Собственные доходы | 218,0 | 219,0 | 220,0 |
| 3.1 | НДФЛ | 38,0 | 39,0 | 40,0 |
| 3.2 | Налог на имущество физ. лиц | 39,0 | 39,0 | 39,0 |
| 3.3 | Земельный налог | 141,0 | 141,0 | 141,0 |
| | **Всего доходов** | **2367**,0 | **2083**,0 | **2003**,0 |

**б) Расходы (тыс. руб.)**

| № | Вид расходов | 2017 | 2018 | 2019 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Администрация | 1497,0 | 1359,0 | 1325,0 |
| 2 | ВУС | 57,0 | 57,0 | 57,0 |
| 3 | ЗАГС | 8,0 | 8,0 | 8,0 |
| 4 | Благоустройство | 395,0 | 272,0 | 232,0 |
| 5 | Молодежная политика | 11,0 | 10,0 | 10,0 |
| 6 | Культура | 345,0 | 324,0 | 319,0 |
| 7 | Доплата к пенсии | 32,0 | 32,0 | 32,0 |
| 8 | Физкультура и спорт | 22,0 | 21,0 | 20,0 |
| | **Всего расходов** | **2367**,0 | **2083**,0 | **2003**,0 |

**Председатель сельского Собрания А. А. Гамзатов**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Читль»

### Решение № 09

**от 31 декабря 2016 г.** **с. Читль**

**Собрание депутатов постановляет:**

1. Утвердить бюджет на 2017 год и на плановый период 2018, 2019 г.г.

**а) Доходы (тыс. руб.)**

| № | Доходы | 2017 | 2018 | 2019 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Дотация | 1465,0 | 1270,0 | 1218,0 |
| 2 | Субвенция | 58,0 | 58,0 | 58,0 |
| 2.1 | ВУС | 57,0 | 57,0 | 57,0 |
| 2.2 | ЗАГС | 1,0 | 1,0 | 1,0 |
| 3 | Собственные доходы | 36,0 | 36,0 | 36,0 |
| 3.1 | НДФЛ | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| 3.2 | Налог на имущество физ. лиц | 9,0 | 9,0 | 9,0 |
| 3.3 | Земельный налог | 17,0 | 17,0 | 17,0 |
| | **Всего доходов** | **1559,0** | **1364,0** | **1312,0** |

**б) Расходы (тыс. руб.)**

| № | Расходы | 2017 | 2018 | 2019 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Администрация | 1087,0 | 976,0 | 953,0 |
| 2 | ВУС | 57,0 | 57,0 | 57,0 |
| 3 | ЗАГС | 1,0 | 1,0 | 1,0 |
| 4 | Благоустройство | 82,0 | 21,0 | 21,0 |
| 5 | Молодежная политика | 7,0 | 7,0 | 6,0 |
| 6 | Культура | 275,0 | 252,0 | 233,0 |
| 7 | Доплата к пенсии | 36,0 | 36,0 | 29,0 |
| 8 | Физкультура и спорт | 14,0 | 14,0 | 12,0 |
| | **Всего расходов** | **1559,0** | **1364,0** | **1312,0** |

**Председатель сельского Собрания А. М. Алиев**

## Собрание депутатов сельского поселения «сельсовет “Цунди-Шабдухский”»

### Решение № 07

**от 30 декабря 2016 г.**

**Собрание депутатов постановляет:**

1. Утвердить бюджет сельского поселения «сельсовет “Цунди-Шабдухский”» на 2017 год и плановый период 2018, 2019 годов.

**а) Доходы (тыс. руб.)**

| | 2017 г. | 2018 г. | 2019 г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 1519,0 | 1315,0 | 1258,0 |
| Субвенция | 67,0 | 67,0 | 67,0 |
| Собственные доходы | 110,0 | 111,0 | 111,0 |
| НДФЛ | 12,0 | 13,0 | 13,0 |
| ЕСХН | 7,0 | 7,0 | 7,0 |
| Земельный налог | 74,0 | 74,0 | 74,0 |
| Имущественный | 17,0 | 17,0 | 17,0 |
| **ИТОГО:** | **1696,0** | **1493,0** | **1436,0** |

**(Продолжение - на 4 стр.)**

ДОКУМЕНТЫ

# Бюджеты сельских поселений

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Гадари»

(Начало - на 3 стр.)

| | 2017 г. | 2018г. | 2019г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 983,0 | 928,0 | 893,0 |
| Субвенция | 58,0 | 58,0 | 58,0 |
| Собственные доходы | 28,0 | 28,0 | 28,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 1,0 | 1,0 | 1,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 24,0 | 24,0 | 24,0 |
| Имущественный | 3,0 | 3,0 | 3,0 |
| **ИТОГО:** | **1011,0** | **956,0** | **921,0** |

**б) Расходы (тыс. руб.)**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 877,0 | 821,0 | 785,0 |
| ВУС | 57,0 | 57,0 | 57,0 |
| ЗАГС | 1,0 | 1,0 | 1,0 |
| Ф/К и спорт | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| Молодежная политика | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| ЖКХ (благоустройство) | 61,0 | 62,0 | 63,0 |
| **ИТОГО:** | **1011,0** | **956,0** | **921,0** |

**Председатель сельского Собрания М. Ю. Магомедов**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Ингиши»

**Решение № 13**

**от 31 декабря 2016 г. с. Ингиши**

**Собрание депутатов постановляет:**

1. Утвердить бюджет сельского поселения «Село Ингиши» на 2017 год и на плановый период 2018 и 2019 годов.

**а) Доходная часть.**

| Доходы | 2017 г. | 2018 г. | 2019 г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2003,0 | 1730,0 | 1652,0 |
| Налог на доходы физических лиц | 20,0 | 21,0 | 22,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 21,0 | 21,0 | 21,0 |
| Земельный налог | 149,0 | 149,0 | 149,0 |
| Субвенция | 60,0 | 60,0 | 60,0 |
| ВСЕГО: | 2253,0 | 1981,0 | 1904,0 |

**б) Расходная часть.**

| Расходы | 2017 г. | 2018 г. | 2019 г. |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 1323,0 | 1291,0 | 1284,0 |
| Учреждения культуры | 582,0 | 500,0 | 450,0 |
| ВУС | 57,0 | 57,0 | 57,0 |
| ЖКХ (благоустройство) | 258,0 | 100,0 | 80,0 |
| Молодежная политика | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| ФК и спорт | 20,0 | 20,0 | 20,0 |
| ЗАГС | 3,0 | 3,0 | 3,0 |
| **ВСЕГО:** | **2253,0** | **1981,0** | **1904,0** |

**Председатель сельского Собрания А. Ю. Омаргаджиев**

## Дуца гьудуллъун ккве кверги ракIги гIатIидаб басма

**(Байбихьи - 3 гьум.)**

Гьеб рахъалъ беццизесеб хIалтIи гьабулеллъун ккола районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIманов,** ОПФРалъул нухмалъулев **ТIалхIат Жамалудинов,** Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул централъул нухмалъулев **Набигула АхIмадибиров** ва цогидалги.

Руго цо-цо нухмалъулел гарачIвариялъе аскIоре редакциялъул журналистал ани, суалазе жавабал кьезе «заман» батуларел ва жидецагоги хъваларел. 2017 соналъ гьел гIунгутIаби лъугIизарун, районалъул тарих бихьизабулеб газета жеги цIализе гьира балеблъун лъугьинаби букIине ккола росабазул мухбирзабазул, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулезулги, гьенир хIалтIулезулги мурад.

**Къурмагъиз ХIадисова**

## Собрание депутатов сельского поселения «сельсовет "Цунди-Шабдухский"»

(Начало - на 3 стр.)

**б) Расходы (тыс. руб.)**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1037,0 | 875,0 | 820,0 |
| б) | МКУК | 546,0 | 486,0 | 473,0 |
| в) | ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| г) | Доплата к пенсии | | | |
| д) | Ф/К и спорт | | | |
| ж) | Молодежная политика | | | |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | 46,0 | 65,0 | 76,0 |
| и) | ЗАГС | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| | **ИТОГО:** | **1696,0** | **1493,0** | **1436,0** |

**Председатель сельского Собрания П. А. Алигаджиев**

## Объявление

**Отдел экономики, сельского хозяйства и имущественных отношений просит всех руководителей СПК, КФХ и ООО представить годовые производственные отчеты за 2016 год, в срок до 15 февраля 2017 года.**

В случае не представления отчетов в срок, предприятия будут лишены получения государственной поддержки в области растениеводства и животноводства на 2017 год.

После 15 февраля годовые отчеты отделом не будут приниматься.

**Отдел экономики, сельского хозяйства и имущественных отношений**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

## Кин нилъеца хIухьбахъи гьабизе бугеб 2017 соналда?

**Россиялъул Федерациялъул ХIукуматалъ 2016 соналъул 4 августалда къабул гьабураб №756 хIукмуялда рекъон, 2017 соналъ хIухьбахъиялъул къоял росизе руго гьадинаб къагIидаялда:**

**1 январь** (гьатIан къо) 24 февралалде (рузман къо).

7 январь (шамат къо) 8 маялде (итни къо).

**4 ноябрь** (шамат къо) 6 ноябралде (итни къо)

Гьединаб къагIидаялда хIухьбахъи гьабизе буго:

ВатIан цIунулезул байрам къоялъ 23-26 февралалда;

ТIоцебесеб маялъул ихдалил ва захIматалъул байрам къоялъ – 29 апрель тIоцебесеб май 3 къо;

Бергьенлъиялъул къо - 6-9 маялда 4 къоялъ;

Россиялъул къо - 10-12 июналда 3 къоялъ;

Халкъалъул цолъиялъул къо - 4-6 ноябралда 3 къоялъ.

БАРКАЛА КЬОЛЕБ БУГО

## ЦIунаги цIаялъул балагьалдаса

**Ассаламу гIалайкум, «Гумбет» газеталъул редакциялъул хIалтIухъаби!**

**Дие бокьун буго районалъул «Гумбет» газеталдасан ракI-ракIалъул баркала кьезе Гъоркь Инхоб дир ясалъул минаялда рекIараб цIа свинабизе рачIарал Гъоркь Инхо, ТIад Инхо, ЧIикь росабазул гIадамазе, гьединго МелъелтIаса бачIараб № 45 пожарнияб часталъул хIалтIухъабазе.**

Нужедаса Аллагь разилъаги, гьабулеб данде билъайги ва гьабураб кумек нужее аза-азар даражаялде бахинабеги, балагьаздаса цIунун тайги.

**ПирмухIамад Каримулаев, ЧIикь росу**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

**МелъелтIа росулъа Исуб МухIамадовас хьихьун буго кIийилаб гIадаб багIар кьералъул нодоги хъахIаб гIачар.**

ГIуж кванаралда нахъа гIарти, квегIалда халаса суй.

АхIизе бегьула гьаб номералде 89604142013.

ЗИГАРА

«Гумбет район» муниципалияб районалъ, районалъул администрациялъ, районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **РурухIма Халидовасда** гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго, кIудияй эбел **РахIима** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Хваралъе алжан насиблъаги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспонденталъ: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1337
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.